КЕРЛАНАШ

# Даудов Мохьмада шена стохка 11 миллион соьмана пайда хиларх деклараци зорбане йаьккхина

Гезгмашин-бутт 02, 2026



Даудов Мохьмад

Мехкан куьйгалхочун бІанакъоста, Нохчийчоьнан премьер-министро Даудов Мохьмада хаамаш Іорабаьхна, стохка шена тІедеанчу рицкъах лаьцна. Официалан декларацица а догІуш, 12 беттачохь цо даьккхина 10,7 миллион сом. Амма чу-ара ца баккхалун бахам йа хьаькаман долахь а, йа цо пайдаоьцуш а бац аьлла ду.

Пачхьалкхан думе харжамаш герга кхочучу муьрехь боллу кандидаташа дІахаийтина, шайна хуьлучу сенах а, шайн доларчу бахамах а лаьцна. Премьер-министр волчо тІаьххьара хаамаш гучубаьхнера 2021-чу шарахь. ХІетахь цуьнан хІусамнанна тІейаздина дара 718 а, 1350 а эзар йеакІов барамаш болу ши цІа а, 4,5 эзар гектар латта а. Керлачу деклараци тІехь доьзал хьахийна бац, ткъа бахамах цхьа Mercedes AMG GLE 63S машен бен йазйина йац.

Даудов воцург Нохчийчоьнан цӀарах Оьрсийчоьнан парламенте депутат ваха хьийза автомобилан некъийн министр Тумхаджиев Ӏийса. Цунна хилла пайда бу- 8 миллион сом, оцу йукъанна кхин бахам а, йа машен йу аьлла а деклараци тӀехь дуьйцуш дац, бакъ делахь. Мехкан урхалхочун а, министрийн кабинетан а администрацин куьйгалхочо Таймасханов ГӀаласа дӀахьединарг 9 миллион сом а, 180 йеакӀов метар цӀа а, 1,4 эзар йеакӀов метар латта а ду.

Декларациш зорбане йаьхна ишта карарчу хенахь Оьрсийчоьнан парламентан депутаташа, кхин дӀа цигахь биса лууш кандидаташ болчу Саралиев Шамсаила -9 миллион сом, Лечхаджиев Руслана -6,6 миллион, Догаев Ахьмада-6,9 миллион. Кадыров Рамзанан уллорчу гонашкара, думехь депутат волчу Делимханов Адама деклараци Ӏорайаьккхина йац.

- Украинехь тӀом баьккхинчул тӀаьхьа Оьрсийчоьнан хьаькамаш а, депутаташ а мукъабаьхнера хуьлучу пайданах лаьцна декларацеш Ӏорайахарх ТӀаьххьара 2022-чу шарахьлерачу декларацица, Нохчийчоьнан куьйгалхочун Кадыров Рамзанан алапа дара 26,5 миллион сом.

- Нохчийчоьнан куьйгалхочун йоӀарша Ӏайшата а, Хадижата а, ХутӀмата а, Табарика а шайн визажистана Хачукаева Дианина совгӀат дира бриллиантан Cartier хӀозца. Цуьнан мах бу кхо миллион сов сом– политикан йоӀаршна оццул ахча стенгара даьлла, хууш дац.

- Нохчийчоьнан куьйгалхочун кӀанта Кадыров Адама видео Ӏорайаьккхира шен кабинет чохь дӀайазйина, цу тӀехь иза ловзуш ву Louis Vuitton брендан бильярдах. Йуккъерчу барамехь цуьнан мах бу 113 эзар доллар, Оьрсийчоьнан соьмашца товбеца-беттан 9-чу дийнахь хиллачу курсаца дагардича и хуьлу 8,6 миллион.

- Мехкан урхалхочун воккхаха волчу кӀанта-20 шо долчу республикин вице-премьера Кадыров Ахьмада лелош ду пхьаьрсах 92 миллион сом мах болу сахьт.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю